

Pembantu sareng
 agen:
 Priangan koelon,
 Bestuur Pasoendan
 Bogor.

di Tjandjoer
 Bestuur Pasoendan
 Tjandjoer.

Priangan tengah
 H. B. Pasoendan
 Bandung

Pembantu sareng
 agen:
 Priangan wetan
 Bestuur Pasoendan
 Tjiamis.

Diawa wetan
 Bestuur Tjabang
 Pasoendan
 Soerabaya.

SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Diitjiek di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
PATAH

Redakteur di Batawi
SOERADIRAJA.

KARANGAN adresna ka **REDACTIE** Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka **ADMINISTRATIE** Tjimoeloeuweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih f 1,50 Dibayar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangas ADVERTENTIE:
 Sakali moeat sadjajar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djajar sakolom. Dibayar ti pajoen. Langganan langkoeng mirah.

Sipatahoenan kaloear doea kali saminggoe.

Bestuur "Pasoendan" Tjabang Tasikmalaja gadoeh maksad dina taon 1929 Sipatahoenan dikaloearkeun saminggoe doea kali. Nanging samemehna prak, sawadina hojong terang heula koemaha timbanganana para Djoeragan langganan sadaja.

Doepi artos langganan dina sakwartaal djadi f 2,50. Tah ieu noe matak ngarisikeun ka noe ngaloearkeun Sipatahoenan teh.

Bok bilih seueur langganan noe liren koe lantaran naek djadi f 2,50. Ari sajakotna mah djadi woewoeh meorah, margi sanes f 3,— nanging moeng f 2,50. Nanging nja eta atoech djelema teh teu sami kajaanana.

Ajeuna minangkana mah oade ngajakeun referendum, naros ka sadaja Djoeragan langganan moepakat tanapi henteu oepami Sipatahoenan kaloear saminggoe doea kali.

Dina postwisselformulier pangsihan kwartaal ka IV '28 dina djoeroga bade diajaan tjariosan kieu: "Moepakat Sipatahoenan kaloear saminggoe doea kali".

Ieu omongan koe noe moepakat mah antep bae oelah dikitoe kieu.

Langganan noe teu moepakat kana Sip. kaloear saminggoe doea kali disoehoenkeun kersa njoret eta aratan, tawis bade kaloear tina langganan Sip. oepami ieu s. k. kaloear saminggoe doea kali sareng artos langganana djadi f 2,50 sakwartaal.

Langganan noe ditagihan koe kwitantie, sae njarios bae ka looper noe nagihan, oepami henteu moepakat Sipatahoenan kaloear doea kali saminggoe.

Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

Soemerenna Djrg. Otto ti Volkeraad.

Koering djeung sabatoeran roemasa oge salah lantaran tina perkara ieu, henteu ti bareto nembongkeun pipikiran ka noe sok maras Sipatahoenan. Sababna pang lalawora, taja lian kadjaba ti aja tjaria B. Timoor, madjarkeun teh noeroetkeun panjoektyoek redactie ieu kabar ka djinisna, teu pisan pisan djoeragan Otto aja mauah bade kaloear tina kaidanana. Tah koe bedja ieu teh, koerig djeung babatoeran, ngarasa gede hate sarta mikirkeun taja perlona make di Sipatahoenankoeun.

Tapi ari ajeuna goebrag aja opail, ieu djoeragan Otto ti tanggal 15 September, liren ti Volkeraad. Atoeh lain teu woeloe deui, tapi katjida neumbagna kana hoeloe augen, handjakal koe asa pinggalkeun pakalangan di satengah djalan.

Anoe beunang sakitoe hese tjapena. hajang boga wawakil, pitoein djol ti koempoelan Pasoendan, ajeuna bet moepo. Rasa teh, mani asa keneung, lalawang, asa euweh pontanganana andelkeuneun. Poegech ari loba deui onaman nasionalisten di Volkeraad anoe henteu koerang ti djrg. Otto tanagana, tapi orokja ari kahajang mah sok tara beunang disisilihan. Moal wani ngagenjeung lamoen teu tjotjogh salia tina maksoed, moal tjouggh tjara ka banda sorangan. Koe ieu oge, geus asa ngarasa roegi pirang pirang roegi.

Hade, aloes, ari noe batoer; goreng ari anoe sorangan, Tjara njah ka anak atawa ka doeloe bae, goreng koe gorengna, hade koe hadena, estoe teu aja pilibeunana.

Sanadjan hal eta teu beunang disoerpeakeun djeung perkara ieu, sabab sardale balangen tea, tapi kenech hate tjomantel dina karakteran bae, djiga soesah rek dipisah-pisahkeunana.

Eta karogian tea, tangtoe henki tambah ngagedeanana, lamoen anoe ngaganti djrg. Otto tea lain hidji nationalist anoe toelen tjara andjeunna; sabab ajeuna mah loba anoe geus kapandjangan Blandisme tjuek Djrg. Rival mah, atawa ngan oekoer Semi-nationalist. Tjoba, roegina teh lain kaum Pasoendan woengkoel, tapi saantero kaum nasionalisten (oangsa priboeim).

Kitoe pandjeueung koering mah, ngan moal ari njeboetkeun kaloearna djrg. Otto tangtoe ngarogikeunana.

Dina waktoe kongres di Garoet, andjeunna geus ngalamcen kaloear ti Volkeraad teh, tapi koe oetoesan Tjandjoer, djrg. Wira Sendjaja, kalawan ditantoe koe tjabang tjabang sateu, geus diwangwang pibaloekarkeunana noe bakal djadi roegi, sarta oenggek, dipaksa dikeduahan, oelah, oelah batoer; asal teu kataunguan, oerang njiar akal sedjen. Nja saharita ditetepkeun, jen moal kaboearna.

Tapi ari ajeuna, teu goeoeur teu oelah; bet djol djol poroatit. Atoeh koering djeung babatoeran molobok bae, aja, kageh; naon noe djadi sabab, da perdjandjiau bareto geus sakitoe asakna.

Njenah eta, lain kerdja paksa ieu mah, poeoech bener koe kitoe tea mah, ngan sarat oelah lali di sadjarahna.

Tapi sakitoe deni moal bodo Hoofd bestuur, tangtoe tina hal ieu beunang barempoeg. Ana kitoe teu poeoech di maua njukona kasalahan moen salah tea mah, kadjaba lamoen djrg. Otto kaloearna teh teu ngadjak badami badami atjan, eta mah laen perkara.

Tapi lamoen tina perkara noe sakieu karasa pentingna pikeun koempoelan Pasoendan, bawa rasa koering soteh, henteu beunang dipoeoetoe koe hoofdbestuur bae, sabab ngarogjat potoesan kongres, tapi koedoe mwa badami ka sakabeh tjabang, koemaha pamangghina, djeung koemaha piakalannana saugkan beunang diebarana.

Koe sabab eta, moal njeboetkeun ari kasalahan mah, tapi hidji verzuim anoe ngagetkeun ka lid-lid anoe miloe hese tjape dina sadjarahna.

Lamoen tea koe atoeran mondeling moal kawaktoean, beurna koe kahajang, lamoen hoofdbestuur geus badami, tina hal ieu, beubennanganana atawa poetoessanana koedoe diwawarkenn dina Sipatahoenan, sarta menta referendum ka oenggal oenggal tjabang. Moen koe djalan kieu, djiga pibereseun oge, moal aja reuwas djeung harendeke atawa ngarasa roegi kaneue hese tjape teh.

Gening doktor Soetomo oge, waktoe dibenoem djadi lid, bet teu noeroetkeun kerop sorangan atawa bestuur woengkoel, tapi badami heula djeung ledenna.

Hal anoe diseboet "Versuim" koe koering tea katjida pisan atohna lamoen beunang kenech diomean, koe djalan njeun spoedvergadering atawa referendum tea, sarta dimana aja besluit koedoe handhaven kaidanana, masih bisa kenech intreking, sapedah aja kenech djamanana.

Nja . . . lamoen kieu laper, kitoe loepoet, atech dalah dikoemaha, rek sabar naudangan bandjakal djeung handjeleoe bae, sarta sasambat ka noe hese tjape djeung elid elid kabeh.

sanadjan ajeuna kitoe batoekarna, oelah djadi kapok atawa koemaha bae, tapi tetep sakabeh angguhota koedoe boemelo ka koempoelanana. Dina teu hasil henteu koedoe ngarasoela, tapi koedoe toemarima kana kadar toetoesisan, sarta oelah weleh ngarep ngarep, henteu ajeuna soegan isoek, henteu isoek soegan pageto, teu paget, bae djaga mah sageuj.

Goeloen, rioeng djadi hidji njaeta djampe alam ajeuna enggoning njiar kamaoesaanan.

K. W.

Hooger toezicht (art. 124 R. O.)

Sakoemaha noe geus ditoeelis dina Sip. minggoe toekang, koering rek noeroeskeun tjaria, tapi lain noe torodjogan patuli djeung passamoan Raad kaboepaten tanggal 20, ieu mah koe ajana eta passamoan, aja oemerking kana perkara noe geus ditjaritkeun ka toekang toekang.

Dina waktoe, Raad Kaboepaten Tasikmalaja ngabadamikeun begrooting taon 28 djrg. Soet. Sen dina algemeene beschoewingen geus ngadardkeun roepa-roepa perkara, diantarana nja eta tina hal Hooger toezicht op de regentschappen sakoemaha noe dimaksoed koe art. 124 tina Regentschapsordonnantie (oendang oendang kaboepaten).

Dina eta artikel diseboetkeun, jen Resident kapantjenan koedoe nalingakeun kaboepaten sarta andjeunna bisa njanggakeun roepa roepa poerretelan ka rengrengan Gedeputeerden, sakoer noe koe andjeunna (Resident dianggap perloe).

Kana oenina eta artikel sama sakali teu aja kabearatan. kana prakna ngadjalankeun, aja kabearatan. Kitoe maksoedna djrg. Soet. Sen.

Pangna andjeunna djeung kantja kautjana gkabearatan kana prakna, sabab geus aja kadjadian, hidji Boepati nepi ka sigana rampang reumpoeng teu poegosh pitjaritaeun, lantaran noe djadi Resident teu daek tjitjing pipiloeeun bae, nepi ka teu beda ti seiffleur dina toenil. Lain Boepati noe djadi Voorzitter tapi Resisen ari batin batinna mah. *) Naha noe kitoe noe dimaksoed koe art. 124 teh? . . . Pirakoe!

Kapan tjuek art. 124 teh: . . . bisa n'anggakeun poerstelna ka Gedeputeerden . . . Lain koedoe ngaharawan atawa irendeeren.

Koe sabab eta djrg. Soet. Sen. teu moepakat Resident tjalik samedja djeung Gecommitteerden.

Lantaran bisi salah harti, harita voorzitter njoesoel (megat kalimah), saoenra: "Maksoed djrg. Soetina teh, naha Kangdjeng Resident oelah ngarendeng djeung Voorzitter?"

Saoer djrg. Soet. Sen: Lereu, oelah ngarendeng sareng voorzitter. Sa-perkawis teu aja ti ditoena kedah kitoe.

Sareng kapan ieu mah sanes Bestuursconferentie.

Toeroeg toeroeg di sanes tempat oge, aspartos di Volkeraad, kapan autoriteiten teh tara bet ngarendeng ieu sareng Voorzitter; aja tempatna disadiakeun

Tah kitoe kira kirana noe ditjaritakeun koe djrg. Soet. Sen. tina hal hooger toezicht.

Hidji teu aja noe tegen kana kasaoeranaa djrg. Soet. Sen. Djadi beunang dianggap karempoegan koe passamoan sakoemaha.

Koemaha ajeuna Voorzitter ngadjalankeunana eta kahajang?

Tjuek koering pohara aloesna, pohara lemesna, sakoemaha adat istiadat oerang Wetan.

Henteu tog mol: Resident, Raad Kaboepaten njoehoekneun, soepaja andjeun tjalik teh misah ti Gecommitteerden henteu, henteu tog mol kitoe. Ieu mah teroes marentah njitak doea merk. Noe hidji oenina: "GERESERVEERD VOOR de pers", noe hidji deui: "GERESERVEERD VOOR AUTORITEITEN".

Sakitoe malapah gedangna! Ana pek teh direret dina lebah "GERESERVEERD VOOR AUTORITEITEN" . . . masja Allah pohara dimoelja moeljana. Saperkara make podium, kadoesna dina podium teh diamparan alkitip aloes, ah tiindekna sagala aloes. nepi ka tjuek hidji lid Walanda: Ieu teh keur Toean Besar?

Parandene kitoe—ondanks dien fjiueu wenk—toean Resident teh geus tjie deni bae deukeut Voorzitter.

Keukeuh koe koering mah kadeuleuna asa koempoelan B. B. boelanan (bestuursconferentie).

Kawasna koe elid elidna oge moal teu kitoe karasana.

Komo koe elid elid kaum B. B. Meureun djadi matak oge kana prak prakana nembougkeun timbanganana.

Ajeuna toamaros ka GEDEPUTEERDEN:

Naha jakos kitoe kedahna ari ngadjalankeun hooger toezicht teh?

Sareng paha kahajang Raad Kaboepaten, soepaja autoriteit misah tjalikna ti gecommitteerden teh, sanes kahajang noe moenasabah toer uinggang dina koedoen?

Verslaggever.

*) Kitoe deui geus kadjadian noe djadi Resident make mere amandement, koedoe koemaha hidji atoeran didjalankeunana.

Poetjoek beweging.

(Walangangit).

Barang koering matja de Courant 31 Juli (meunang noeroen ti Batawiasch Nieuwsblad) djeung Sipatahoenan 14 Augustus, ka koering hidji Inlander noe teu kajas kajas atjan oge, harita mah ratog hoeloe angen, abong-abong ka Si Inlander. Bih kieu boh kitoe ngan njitjak di salah bae. Geura eta bae Ijan noe teu kieu teu kitoe djadi panoeingan sarerea. *) Komo tjuek B.N. mah Ijan noe ngaloengkeun tai beurit kana ageun dina parioek, Ijan noe ngarorodjok kana kagerangan. Tjing Djoeragan Correspondent da andjeun teh dihiroepan koe B. N. atoech ari ngabedjakenn kadjadian-kadjadian teh noe sabenerna, oelah abong enja ka Si Inlander, djol disalahkeun bae. Kadjeun bedja palseo, geuwat dirapportkeun ka Redactie. da sion kapibeulaaan koe batoer.

Ieu di handap koe koering dirangkeun kadjadian, kadjadian di Djampang Wetan, sarta loeoe pisan djeung noe noelis dina de Courant tg. 16 Augustus.

No. 1: Ijan hidji patani enteh di District Soekranagara. Kebonna pribadi noe geus werat dipetik oge koerang leuwih 500 taos, djaba gadean ± 850 B. Manehna noeroetan Toean Toean Kontract merean Voorschot doei ka djalma noe baroga tanah sina "njeun kebon enteh, make perdjardjian di mana eta kebon geus beunang dipetik, noe boga kebon mirna poetjoek koedoe ka Ijan, hartina koedoe ngadjoel ka Ijan, ieu atoeran lain warisan ti karoeoen oerang tapi atoeran ti Toe-

an Kontrak enteh. Lamoen Ijan teu noeroetan kitoe bodo. Voorschot noe geus kaloear tina tanganna Ijan ka batoerna pangebun enteh leuwih ti 6000 roepiah. Dina boelan Juli 1928 manehta njotop milir, ka Onderneming Tjiwangi, nja dikirimkeun ka Onderneming Tjiwangi. Naon sababna? Di Tjimapag mah dibajarna 8 cent saponari di Tjiwangi mah ngan 7 cent. Pondokna mah keur Ijan leuwih oeu toeng oepama poetjoek dipilirkeun ka Tjimapag djeung Tjipongpok. Tjing pikir dimana salahna? Samemeh ngadjoel ka noe sedjen hoetangna ka Tjiwangi dipoenahan heula, djadi pikeun manehta teu katalian koe hoetang. (Ja betoe, salah, tida salah kewe orang Inlander, misti salah Wi).

Koelantaran Ijan boga hak kana kebon gadean tea, nja poetjoek tina eta kebon oge dipilirkeun ka Tjimapag djeung ka Tjipongpok. Ka noe sedjen mah manehta teu oedjoek adjak. Samalah pang didjoelana kana noe sedjen oge aja pangadjakna batoerna oerang dina kebon, ngaranna Mardjoeki. Kabogana kebon enteh Mardjoeki mah koerang ti 300 baos. Ngan Mardjoeki mah tjara tina bahadaman tea, milirna teroes bae ka Tjiwangi. (Di oerang ieu elmoes geus biasa Wi).

No. 2: Bedja di Takokak jen noe baroga kebon staking teu matik, "hojong. Noe baroga kebon enteh teroes maretikna, sarta teroes didjoelana, ngan ka noe lian ka noe leuwih mere bargana. Koe Onderneming Takokak djeung Boenga Melor ditampama f 6,25 dina 100 pond ari koe tangkoelak di Njalindoeng, nja eta pikeun pabrik oangsa Tong Hoa di Soekaboemi f 7,50. Anoe baroga hoetang ka Onderneming mah teu pipiloeeun da ngarasa kabengkeut koe Kontrak, sarta teroes ngadjoelanana ka Onderneming. Malah Kapala desa oge pipiloeeun njarak ngadjoel ka Njalindoeng sabab bisi oeroe ara, tapi ari ka noe teu boga hoetang ka Onderneming mah, desa oge teu njarek. Pang stakingna ngadjoel ka Onderneming, lain lantaran dititah koe Ijan, lain pangasot Ijan, tapi naritana sorangan, hajang boga bati leuwih kandel. (Lamoen koering oerang Soekaboemi indit meureunan ka Takokak rez ngahajoh hajoh sina ngadjoel poetjoekna ka noe nawarna leuwih mahal Wi).

Ieu kadjadian ngan dina djero doea poe, lantaran Onderneming naekkeun bargana asal f 6,25 djadi f 7.— Ongkoe ti Takokak ka Njalindoeng f 0,50 dina 100 pond. Djadi staking milir teh goung aja goenana, dina djero 2 poe, bargana geus naek tiloe talen. Djadi pikeun oerang Takokak ajeuna ngadjoel ka Tangkoelak di Njalindoeng teu leuwih oentoeng djeung ngadjoel ka Onderneming noe deukeut, sabab ditjokot ongkos panggoeng. (Tjing saha noe salah? Wi).

No. 3: Kabeneran dina waktoe kieu teh di Onderneming Takokak, aja sawatara koeli ari noe ngalawan Toean Kawasa Takokak lantaran teu dibayar. Ieu djalma teh oerang kampoeng noe geus biasa digarawe di Kontrak. Koe lantaran eta koeli tea boetoech koe saheapeun sakopoan, toeroeg-toeroeg ladang koeli teu dibayar nja nepi ka eta Toean noe KA WASA tea di ka Roemah sakitkeun, lantaran djogol. (Lamoen koering aja dina waktoena gelet, ah moal misah keun bae sina enjaan goelotna, pirakoe geneapan elah koe saerang Wi).

No. 4: Oerang Takokak noe ditjaritakeun di hoehoer. ngondjal poetjoekna ka Njalindoeng make djalan

Onderneming Boengameloe, nja eta ngarah deukeut. Di djalan papanggih atawa dipegat koe Toean Kawasa Boengameloe, sarta si lulender didjedjekan koe Toean. (Lamoen koe ting mah ngalawan, ugan eta meureun tarima salah da make djalan Onderneming Wl. Ras inget ka Soeban Ajsm (W').

No. 5 Di Tjigoeha (Onderafdeeling Tjwangi) Toean KAWASA na bangsa Dinsbach. Hidji mandor oerang Egor noe geus biasa, Iain tjara oerang Priangan lemes leutung pangloan ka saloehoreun, teu kapake gaweana, djeung teu njeplak doodoekoej di-onting, sapertos Djoeragan Demang Wiratmadja, ngau ieu mah tambahn teh lain batjot, tapi botjok. Saenggeus kadjadian kieu kawasa bae si Inan der inget kana babasan Pa Teri: Hoetang oejah bajaran oejah, hoetang teung-goul bajaran djebot koe tangkal kina doea mani nepi ka parotong. Djeung meureun deui kana huloena. (Poenten bae noen kana mastaka Wl). Atch roemasakit oentoeng kasompangan Toean KAWASA.

Tah ngan sakitoe kitoena goedjroed Djampang teh. Sakalian njarita oerang teroskeun saeutik: Dina de Courant 31 Juli. (Meunang ueroen tina B.N.) aja tjeritaan kieu:

Sedert werd in dit deel der Preanger oppericht de Vereeniging der Thecultuur, welke Vereeniging van Europeesche planters zeer goed werk heeft verricht tot voldoening zoowel van het Bestuur als van de Tani . . .

Volkomen juist is dit deel der Preanger. Zijn deze gebeurtenissen in dit deel der Preanger dan de vruchten der werkzaamheden der Thee Vereeniging?

Of is het louter toeval, dat het in dit deel heeft gebroei? Voor zulke tastbare resultaten der Vereeniging tot bescherming der Theecultuur houden wij ons zeer aanbevolen. Terecht heeft de Courant nog gezegd (31 Juli): „Het kruisvat staat open, en er voortje zou heel wat onheil kunnen veroorzaken." Wij Indonesiers vormen dat kruisvat, en het voortje zijn de cymische, hatelijke en onbetrouwbare krantenberichten.

Walangsangit.

Siksaan ?

Koe lantaran djalma djalma di tanah Tloekpoetjoeng, sakoer anoe keuna koempennian, sakabeh ngadjalankeun koe gawe. sanadjan koe Toean tanah geus ditetapkeun koedoe majar koe doeit oge, geus poegoeh anoe tadina koedoe digawe mah, basana djalma djalma, sok boro buro keur majar koempennian, dalah keur dabar djeung anak pamadjukanana oge, katjida soesahna, aja keur majar koempennian, mana keur dabarna, sedeng pembajaran koempennian katjida beuratna saeoranganu aja noe keuna f 11,— f 7,20, dina satsoen anoe matak djalma djalma koempennian anoe aja di tanah Tloekpoetjoeng, sakabeh ngadjalankeun koempennian koe digawe.

Tangtoe bae lina saeutik Toean tanah ngarasa roegi, mangkaniug anoe keuna koempennian sakitoe lobana, malah sadina mah Toean tanah emboeng narima, lantaran lina kahayang ti Toean tanah, malah koedoe bae malajar, tapi bawaning dihauteu didatangan dina oenggal oenggal giliran, djeung dina sakali datang teh tara saeutik, tempo tempo aja 2-300 djalmah, toengtoengna Toean tanah kawalahan nja kapaksa ditarima, tapi papada ditarima oge Toean tanah teu weleh weloh ihtar, koemaha akalana sangkan djalma djalma noeroet deui djeung darsak malajar, roepa roepa akal tarekahna anoe dikaloerkeun saperti sina mawaan erel pikeun djalan lori ti Tloekpoetjoeng ka Oedjoeng menteng Oedjoeng malang, djeung Kaliabang tengah, anoe perdjalanakan sakitoe diaoehna, ari koe Toean tanah mah dianggap pagawean beurat djeung siksaan, sangkan djalma djalma noeroet deui, tapi sabalikna ti batar daek noeroet mah, daek keneh ngalakonan gawe bae, djadi akal Toean tanah kitoe teh, moebah teu aja tapakna.

Ajeuna Toean tanah ganti deui njeon lakonan, toer tjek pikirana mah pagawean leuwih beurat ti batar digawe mawaan erel lori, nja eta nitah diparawe di rawa Tambaga, sina ngaberesihan „otjeng gondok" noe aja di tengah rawa, soepaja

dikoetan ka sisi, tapi tjara tadi deui bae, djeung ti batar noeroet kana kahayangna Toean tanah, soepaja majar, daek keneh ngalakonan gawe, kadjeun tiris dibelakan njeboer ka tengah rawa, teu dipikir pibahjatan, oraj djeung bohaja mah. Atoeh koe kitoe tea mah koering oge teu ngabisani, aja meudjehna djalma djalma baroga patekadan kitoe, da poegoeh sakitoe beuratna bajaran koempennian.

Koe lantaran Toean tanah geus ka leter akal tarekahna kieu kitoe henteu bisa djalan, timboel hate doersila, nja eta pintoe aer pamitjeunan tjai ti rawa, boeroe boeroe ditoeoep sangkan tjaina teu bisa liwat, tangtoe bae djadi ngembang sakoemaha laet pasang, meureun noe matak pintoe aer ditoeoep oge, sangkan djalma noe digawe tea kapok, tapi lain kapok kalah ka gawok, dibelakan dikodjajan, teu boeroeng dilakonan.

Dina oenggal oenggal gilirar di sisi rawa Tambaga teh, pinoech koe djalma anoe digawe koempennian keur nara narakeun etjeng gondok ka gili gili.

Lamoen koe oerang ditendjo saliwat mah, poegoeh matak resep, tapi lamoen dideukeutan, hate resep teh djadi moesna, kasilih koe hate karoenja koe nasibna si leutik, manahoreng ngariceng di sisi teh, keur ngareuulkeun tjape bari mojan, lantaran kaboesoeran oerut kokodjajan tea, djiga pisan monjet kahoejdjanan malah aja oge anoe masih keneh digawe di tengah rawa. Emh na teu aja teuing rasasan, abong kena kawasa, tjing atoech sing aja hate kamanoesian saeutik mah nadjan aja dina wetna kitoe oger.

Naha teu aja deui gawekeuneun kitoeh iwal ti di rawa? Har! poegoeh bae aja mah, kapau itoe djalan gode anoe ti Tloekboeojeng ka Tloekpoetjoeng, teroes nepi ka wates Babalan, ti Bekasi ka wates Pondokgede, sakitoe roeksakna, asa leuwih perloe lamoen eta djalma sina digawe di djalan, ti batar di rawa.

Kapau rawa mah ti bahuula oge tara tara atjan diberesihan, nadjan pinoech koe etjeng gondok oge, toeroeg toeroeg teu sakoemaha perloeua pikeun oemoem, toer lain djalan gede eta teh, anoe moal tea djalma djalma ngaliwat ka dinja lamoen lain anoe ngaoeup djeung noe ngalintar mah, nadjan Toean tanah oge moal enja daek ngoelampreng ka rawa, anoe tangtoe ka djalan gode meureun.

Kadjabana lamoen Toean tanah rek lalajaran mah, noeroetan dewi Asri lalajaran: di leuiw Sipatahoenan.

Atch sing poegoeh, iraha tea rek lalajaranana, asal noe tangtoe kaperlocanana.

Sim koering teroes terang bae, kapertjajaan somah mah ka Toean tanah. ajeuna geus leungit, sanadjan Toean tanah njar akal koe djalan koema oge, soepaja somah somah tembong deui kapertjajaanana, kawasna hama kana bisa, ari sababna salah talina djeung salah noe djadi ponggawana sok ngalangkah oewet, djeung henteu njaho tact djeung beleid. kono deui ajeuna djalma djalma masing masing geus boga perusaan ka teu ngeunah hate, anoe sakitoe digentjerna. Tjadoe moengkoek nadjan dioebarar koe uson oge, tjengah oebat sakoemaha moestadjabna oge, hama bisa tjangur deui. Saba noe roegi? Saha noe handjkal?

Palantjoangan.

Bangsa Tiong Hwa di Indonesia.

Sakoer anoe sok matja soerat kabar. soemawonna ahli pergerakan mah, geus tangtoe pisan moal aja noe bireuk. ien ajeuna di Tiong Kok saenggeusna aja karoesoehan-karoesoehan, anoe ngabasmu pirang pirang djawa djalma katet hartia banda anoe lain saeutik pibargaenana, sarta pirang pirang djalma anoe djadi wadal pergerakan, nepi ka nandangan roepa-roepa kasangsaraan, ajeuna geus bisa ngadeg pamarentahan anjar, nja eta anoe disiboet pamarentah „Nationalist".

Geus teu koedoe heran deui, lamoen Nationalisten Indonesia oge, pada miloe atoh miloe boengah koe ngadenge kaajaan anoe saroeapa kitoe teh, lain bae pedah saroea djalan doemeh pada pada nationalisten, tapi babakoena pisan mah, doemeh pada-pada oerang

Azin.

Oerang Indonesia wawoehna ka bangsa Tiong Hwa, geus aja ratoesna taoen, sarta geus leuwih lila. ti batar wawoehna oerang Indonesia djeung oerang Europa.

Tjek oedjering para sepoeh mah, samemeh oerang Indonesia ngagem agama Islam oge, ari djeung oerang Tiong Hwa mah, geus loma, geus patjorok, babakoena pisan tina bab dagang. Malah dina mangsa harita mah tjengah, nepi ka rea oerang Indonesia anoe boelak-balik ka Tiong Kok ngadon dagang, nja kitoe deui oerang ditoe ka dieu.

Nja kitoe deui lamoen oerang nendjo kaajaan ajeuna, tjampoer gaolina oerang Tiong Hwa, leuwih raket ka bangsa oerang, oerang Indonesia ti batar ka bangsa Europa, geus sok soemawonna ari anoe didjoeroekeun di lemah tjai oerang mah; nepi ka rarasaanana oge, henteu sakoemaha bedana djeung oerang Indonesia, malah nepi ka rea pisan anoe lantjar basa priboeimi, padahal mah. henteu ngahadja hadja diadjar, ngan koe bawaning raket tjampoer gaolina bae.

Saenggeusna ngadeg pamarentahan Nationalist di Tiong Kok, anoe mingkin lila mingkin tohaga bae, mingkin tembong kamadjoenanana. nepi ka pamarentah Nationalist teh, meunang anggapan ti karadjaan karadjaan anoe galele. Malah nagara Amerika oge, anoe meunang disiboetkeun pangmasboerua di sa'alam doenja mah, geus nganggap kana ajana pamarentah Nationalist di Tiong Kok teh. Sawareh karadjaan anoe galele di Europa oge geus pada nganggap kana ajana sarta ngadegna pamarentahan anjar.

Tapi uepi ka waktos ieu, lamoen henteu salah mah, asa teu atjan ngadenge jen pamarentahan Nationalist teh, geus meunang anggapan ti nagara Walanda. Asa pirakoe lamoen nagara Walanda moal nganggap mah kana ngadegna pamarentahan Nationalist di Tiong Kok teh. Meureun ka hareupna mah, tangtoe baris nganggapna teh, kono lamoen Tiong Kok katembong mingkin koelat bae mah.

Ngan eta bae, asa katjida pisan diganggajongna.

Perkara ieu, tangtoe aja noe djadi sabab. Sanadjan ngan bae oge anoe djadi halangan ka nagara Walanda, pangna henteu bisa nganggap kana ajana pamarentah Nationalist di Tiong Kok, tapi lamoen pamarentah Nationalist geus katjida koestna mah, tangtoe baris nganggapna, geus lese soemingkirna, sanadjan maksakeun maneh koedoe ngakoena.

Sing saba anoe geus koelat, tangtoe eta anoe meunang pangadjenan.

Selecting bawaning angju, perkara anggapanana nagara Walanda kana ngadegna pamarentahan Nationalist di Tiong Kok kakara arek didadami-keun. Moega-moega bae sing aloes hasilna beunang badami teh.

Kawas moal salah deui, lamoen pamarentah Nationalist di Tiong Kok geus meunang anggapan ti nagara Walanda, bangsa Tiong Hwa noe aja di Indonesia, bakal saroea hakna djeung oerang Europa, (tjan tangtoe Red.) anoe geus tangtoe pisan mah bangsa Tiong Hwa totok (anoe didjoeroekeun di Tiong Kok).

Ngan ajeuna noe djadi soe'al teh, nja eta bangsa Tiong Hwa paranakan (anoe didjoeroekeun di tanah Indonesia).

Di antara bangsa Tiong Hwa paranakan teh, meunang disiboet aja doea bagian, sabagian anoe masih keneh deukeut ka Tiong Hwa totok, dina adat tabeatna, tali parantina henteu sakoemaha bedana djeung Tiong Hwa totok tea, tapi anoe sabagian deui, geus katjida pisan diaoehna, ti Tiong Hwa totok teh, malah kawas leuwih ngadenuktan ka bangsa Indonesia, boh adat tabeatna, nja kitoe deui tali parantina, geus poegoeh deui ari basa mah, njararita djeung pada bangsanana oge, nja sok make basa priboeimi bae, basa anoe ditjarijangan koe maranehna, di tanah Pasoeutan rea anoe make basa Soenda, sanadjan karereaanana sok make basa Malajoe oge, kapan meunang disiboetkeun, jen basa Malajoe teh, basa Indonesia. anoe geus tetela pisan lain basa Tiong Hwa. Perkara ieu oge, djadi boekti jen karereaanana bangsa Tiong Hwa paranakan teh, geus katjida diaoehna djeung Tiong Hwa totok.

Sanadjan aja katangtoean, jen sakoer bangsa Tiong Hwa anoe didjoeroekeun di Indonesia, dianggap somah nagara Walanda, tapi katangtoean

saroeapa kitoe teh, moal bisa dipageuhan salawasna, kono deui lamoen Tiong Hwa totok geus disaroeakeun bakna djeung oerang Europa mah. Geura kieu oepamana: Hidji bangsa Tiong Hwa totok anoe sadjolna ti Tiong Kok, kari kari kakara sawatara boelan ajana di Indonesia geus hoga anak Pirakoe bapana disaroeakeun hakna djeung oerang Europa, ari anakna henteu.

Djadi lamoen inget kana lebah dinjana mah, koedoe sakoemaha bangsa Tiong Hwa hakna disaroeakeun djeung oerang Europa, sanadjan anoe aja di pagoeoengan oge. Tjarek wiwilangana sanadjan anoe katjida bodo baliloena oge, atawa anoe katjida disaroeakeun djeung oerang Europa, perkarana anoe kieu mah, kawas moal matak djadi halangan. Kapan sanadjan oerang Europa anoe araja di Indonesia oge, henteu kabeh pinter henteu kabeh soegih, nja geuning aja bae anoe katjida kekerhetua mah.

Koering geus nanja, ka sawareh bangsa Tiong Hwa paranakan, koemaha anggapanana, meuding mana disaroeakeun hakna djeung oerang Europa atawa djeung oerang priboeimi Indonesia. Kapan ari ajeuna mah meunang disiboetkeun henteu kaditoe henteu kadieu.

Ari karereaanana anoe ngadjarwab kana panauja koering kieu: Ari moenggoehing bangsa Tiong Hwa paranakan mah, disaroeakeun djeung golongan mana oge duek bae, sabab saroea oentoengna ti batar tjara ajeuna mah, meunang disiboet henteu poegoeh njaughosoenia.

Dianggap djadi rajat Tiong Kok, sarta di Indonesia hakna disaroeakeun djeung bangsa Europa, tangtoe leuwih ugeunah lamoen dibandingkeun djeung kaajaan ajeuna.

Tjenah, disaroeakeun bae hakna djeung oerang Indonesia, katjida dackna, meureun sakoer bangsa Tiong Hwa paranakan, boga hak ngabogaan tanah, tjara oerang priboeimi.

Tapi lamoen arek ngoekoehan kana kabangsaan mah, leuwih hade dianggap rajat Tiong Kok ti batar disaroeakeun djeung oerang priboeimi Indonesia.

Koering oerang priboeimi Indonesia, katjida moal sirikna teh, lamoen sakoer oerang Tiong Hwa hakna disaroeakeun djeung oerang Europa.

Koering oerang priboeimi Indonesia, henteu aja deui anoe dipiajang angen beurang kalawan peuting, hajang boga hak tjara oerang priboeimi anoe saenja enjana. Ari ajeuna mah, sanadjan enja oge koering teh bangsa priboeimi, sarta njijtingan tauah bali geusan ngadjadi diri koering, tapi meunang disiboetkeun henteu boga hak tjara kapriboeimian anoe saenja enjana.

Ari hak kapriboeimian anoe saenja enjana mah nja eta, ngatoer hiroep koemboehna, sarta ngatoer economina, make djalan kapriboeimian, nja eta, sanadjan ngatoer naon bae oge, aja dina dampal leungeunna oerang priboeimi, henteu goemantoeug kana genggeman anoe lina.

Ari ajeuna mah, boloampar teuing hajang boga hak saroea djeung ieu, saroea djeung itoe, kapan kaajaan diri oge saktieu sipatna.

Hakna oerang Indonesia, koedoe aja dina dampal leungeunna oerang priboeimi Indonesia.

Oerang priboeimi Indonesia bisa satahapan martabatna djeung bangsa bangsa anoe sadjan, lamoen geus bisa nembongkeun kakoeatanana.

B. S.

1000 X aneh ! !

Dasar sisit kadal, salah koelit, salah bale geusan ngadjadi, abong-abong didjoeroekeun di tanah tropica, ngan ninggang di mapag kala bae. Naha koedoe dilokat kitoe?

Geura ajeuna geus boet—bet dina soerat-soerat kabar, jen de heer Ijan, enen riike man van tanah Djampang Wetan, koe sabab ngadjak ka tabatoeran-na soepaja telina entong diparetik, lantaran moerah teuing hargana (f 6,— sapikoel?) disangka (disiboet) padjah teh djeudjebulan Communist. Malah koe kadjoedesanana padjar teh de heer Ijan ngadjoecian pestol gelap sangala.

Ieu kabeh panjangka, estoening didjieun-djieun woengkoel, bidjil tina saeoebari djalma noe belang-bajuh, gindi pikir, djail kaniaja, noe hianat, anoe dengki, noe simeun kuelehkeun,

sangkan de heer Ijan meunang kasoe sahan. sarta oonda kana maksoedna noe matak ngaroegkeun ka noe njar redjeki (kabeungharan).

Koemaha atoech teu deuk risi, teu denki gimir, da poegoeh moeu ieu maksoed bisa meunang (kadjadian) bakal aja pabrik noe parih-beuteung, lapar. Lain bakal deui, tapi geus aja pabrik noe teu ngagiling, teu aja poetjoe kampoeng lautanana mah, tjatjakan harita kakara ditahan 3 poe lilana. Koemaha teu deuk kitoe atoech, da poegoeh ari ngandelkeun ti bebouna mah ngan saeutik. Geura bae itoeng, djoemalah legana kebon kampoeng (oerang Priboeimi) di doea desa bae heula (Takokak djeung Tjorojom) ± 3500 boro. De heer Ijan woengkoel djoemlah bebouna ± aja 400 at. 500 boro. Tjoba sabaraha ugoentoengkeunana ka pabrik-pabrik, poe meulina moerah, ari ngadjoel, boer teu angger dina mahal tea mah tapi koe oerang oge kabarti sabaraha uekoekua ka bangsa oerang.

Koe sabab ieu maksoed teu kadjadian saenjana mah nepi ka, ajeuna oge ari de heer Ijan mah tajan eheb, poetjoe kana teu didjoel ka pabrik-pabrik eta, tapi dikirimkeun (didjoel) ka pabrik-pabrik sedjen noe mahal hargana, nja pikenn noempes soepaja oelah aja „poetjoe beweging" deni, kokolotna disiboet-seboet kominis, kalawan maksoed . . . ! (ah, lebah dinjana mah tangtoe sarere a oge pada ngarti).

Aneh, 1000 X aneh !

Djalma noe boga maksoed, teu rek ngadjoel barangna, lantahan moerah teuing hargana, disiboet Communist!! Abong-abong letah teu toelang, ngomong teh djandji, engab bae/! Entong njangkang-jangka ka batoer djeudjebulan kominis, boe teuing wafelna „kolomero kominis tea mah, boektina bae keukeureuweut (boctoeli) ka banda batoer, ari hargana koedoe noeroetkeun manehna noe teu kira-kira tea! Ilajoh ari teu dibikeun koe noe boguna teh ngambe! Noeding-noeding gorong! Benerna ari neangan plesieun beuteung mah, atoech koedoe silih eledan, oelah hawek teuing.

Tapi moegi-moegi bae de heer Ijan oelah gadag kaanginan, oenggoet kalindoen, entong risi, entong gimir, oelah sieun koe paroeiding noe lain-lain. meunang, bakal lerang, eta mah, akalna ririwa hawek! Sok saenja Pamarentah oge ngahulang-halang kana maksoed de heer Ijan kitoe asal oelah ngurempak larangan nagara bae!

Aja salenting sejenting, jen Ijan teh lamoen aja batoer, boga karep arek njeun pabrik sorangan. Tjobi mangga djoeragan djoeragan, geura toeloeng, geura tuendjang boh koe artos boh koe nasahat (pangarti). Mangga geura djeudjuehkeun, mangga geura pimpin!!!

Koemaha akal tarekahna, koema petana sangkan tiasa laksana!

Jaktos ari koe abotna tea mah ngadegkeun pabrik teh. Geuning kapengker Djoer. Odjoh parantos njerat dina ieu soerat kabar. Tapina ari noe lese teh koe oerang koedoe dipitjeun bae, tong dipikiran at. dipilampahi deui? Na oerang teh keukeuh bae moal pibiseun?

Di dieu sim koering pangpangna njambat ka kaom intelektual sareng ka kaom hartawan, moegi moegi sing aja manah kersa ngarodjong kana eta pamaksoedian. Soepaja langkoeng tetea. Oepama aja badamikeuneun dina hal ieu maksoed koe soerat oge sae. Ades: Ijan, des Tjorojom. ond. Soekonegara, halte Tjibeber (Red Tjandjoer). Mangga, geura manah manah! Hidji langkah anoe sehat!

Moer ieu maksoed bisa laksana, rayon systeem tea bisa-leungit. Mea! aja atoran noe ngabagi bagi kebon batoer teh. Tah „Perinehing" teh—tjek oerang Djampang tea mah—moal aja meureun! Oepasna oge, noe gawena njeonjoren gobang. megat megat sarta njingsieunan noe milir (ngadjoel poetjoe), sangkan didjoel ka pabrik doeneuganana; meureun moal katendjo njingsieunan deui!

Poegoeh bae, djeung hak tjelema kana kabogana noe ditangtjoengan koe wet, pasal 162. ayat 1 (Atoeran Pamarentah Hindia) meurtun balik deui. Da ari ajeuna mah koe lantaran ajana eta Vereeniging, sarta hakna si djalma-djalma teh djadi leungit, sabab dimana manehna rek ngadjoel poetjoe kana (barangna, anoena, bogana, hakna) bet teu meunang sakama-kama (teu merdika), nadjan hargana moerah oge koe Joe didjoel ka pabrik

eta bae; toerta keneh pabrik sedjen noe meulina leuwib mahal. Koemaha ana teu ngagoegoe? Kapan datang Sang oepas noe ngatiriwaan tea?

Lain hakna eta djalma kana banda anaoe ditangtajeungan koe wet tea dilanngar? Lain djadi leungit hakna noe boga banda? Djeung aueh deui, nja eta 1000 x aneh deui bae eta mah, bet anoe meuli teh aja andar make netepkeun hargaana, apan biasana oge noe boga barang anoe netepkeun pihargaunana teh, lain bet anoe rek meuli. Atoeh ari kitoe mah oerang oge ana rek barangbeuli ka mana bae, hargaana teh koedoe koe oerang ditetepkeunana. Apan ieu mah teu kitoe!

Geuning di Volksraad oge, tina roepa roepa hal anoe netepkeun teh lain noe uwar, tjek Observator tea mah.

Soendanees.

Kdj. Dalem Bandoeng.

Ari papanggih sorangan mah, adoe hareupan, teu atjan, da padjoeh padomoekana tea, ngan terang soteh koe matja roepa roepa bedja bae; jen Kdj. Dalem Bandoeng anoe keur soemedeng loba lalakonna, geus soemping moeih djarabua ngadjajah nagara dingin.

Disoeot loba lalakonna soteh, lain ari tjara lalakon Gar mah, tapi lalakon dina kawangian, timimiti ngalih ka Bandoeng nepi ka ajeuna teu weleh kamashoeran, ngan sakali saas anoe djadi tjara rada teu pati tegep dibandoenguanana teh, basa keur di Mekah tea. Pirakoe, geus laikli!

Ti memehna andjeunna soemping, geus pesen tjuek bedja mah, ditampina oelah dirontjeng-rentjeng digariweuhkeun, tapi ririntjipan bae.

Pamendoet eta teh weleh teu teurak, boeboehan djelema djelema geus kabehi batana tea, teu lepoet ngagimboeng djeung ngagoeroh. Anoe mapagkeun ka kapal mangratos ratos koeran, da loba sobat tea, sobat loehoer, sobat bandap, soemawonna ari anoe mapag ka station Bandoeng mah, atawa noe megat di oenggal baitu.

Di pakarangan Kaboepaten ngagimboeng ngagoeleng geus teu pogoeh biugbilanganana, bawaning koe loba, tapi kabab teh kasogoehan kaakoe. Toeroetan batoer euj!

Sakitoe tandana, jen Kdj. Dalem dipideudeub dipikameumet koe ah dina, djeung sobat kenalanana. Komo lobana noe pidetangeun teh, lamoen aroenigaeun saretea jenu rek soemping, atawa lamoen aja parentah tjara di noe sedjen sedjen tempat kuedoe mapagkeun atawa nganteurkeun, meureun masing koe polisi Commissarissen oge maal kataban, maal kaampeuh oesika manoesa teh. Ieu, tjatjakan ditjaram geus sakitoe.

Ari milik batoer , bet asa teu kapalang!!

Noehoen, noehoen, moega oelah keuna koe hama, djeung oelah nje-tjega andjeun.

Saenjana pikeun koering koe matia roepa roepa bedja kieu teh teu kaget, da geus kawangwang ti tadina, taugtoe pikitoeunana.

Tapi aja noe katjida moendelna dikanjahokeun koe koering djeung koe noe sanes oge meureun, nja eta verslag dina waktos ngadeuheusan ka Goepernoer. Tah, koemaha eta, sapedah ti memehna djeung angkat aja bedja harengheng tea, djeung madjarkeun rek ngadeuheusan henteu ditampa (?)

Katoeroeg toeroeg beuki tambah njeuwajerig teh, koe diramekeun koe pers-bodas, jen andjeunna soengkan didamel deri babarengan djeung toean Goepernoer. Tapi ari ieu mah, sangkaan koering taugtoe djdjieunan bae, taja petana kaluar ti andjeunna, maal euja make boga tandjakan ka pamarentah kitoe, katoeroeg toeroeg taugtoe andjeunna oge kagoengan raos koe andjeun jen lain sinoh lain toean, sanadjan menak sarta agoenng oge, tapi tetep soep kana kolom Marhsen (bansa priboeumi).

Pikeun koering, anoe tempona ngan o-koer ka kolong, asa rada paer oge lamoen Kdj. Dalem koe lantaran alatan noe katoeksng toekang di djoeragan wedekeun, lantaran asihan kinasihanaan sakitoe matibna mani matak broel nggimboeng, bral ngabantaj, katoeroeg toeroeg djelema

noeleud, lain tjara noe sedjen sedjen loba pisan tergantoeungna; ieu mah loeas-laloessa.

Hajang teh aja noe ngabarkeun. veralag ngadeuheusanana!!

Oca Nany

Leden Pasoendan Tjabang Tasikmalaja.

Oepami aja Sipatahoenan njesa, leden Pasoendan Tjabang Tasikmalaja noe henteu ngalangan Sipatahoenan, sok dikintoen Sipatahoenan minangka gegentos Langlajang Domas, koe margi ieu s. k. parantos lami teu kaluar. Aja leden noe ngawangsoelkeun Sipatahoenan sareng diserat: "Tida maue langganan". Ieu mah sanes kedah langganan, nanging loemajan gganti L. Domas, teu kedah diwangsoelkeun deui, asal kontribusi angger majarna.

Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

Lezingna D. K. Ardiwinata 22 Juli 1928.

Bab pasedaha poesa. (Samboengai).

Pikeun ngadjawab pananjaan kahidji djeung kadoea mimiti orang koedoe make djalan anoe biasa, nja eta dijawab koe enas tina koeran djeung tina hadis, saperti: Koetiba alaikoe-moes sian.

Hartina: Geus diperdoekun koe Allah taala ka maraneh koedoe poesa. Agama Islam teh ngadegna koe lima roekoer: sahadat, solat, djakat, poesa djeung moeng-gah hadji.

Tah ieu sabab-sabab noe wadji dikanjahokeun, sabab ari sjara' teh hartina: Dawoehan Allah taala anoe diwahjokeun ka Kangdjeng Nabi Moehamad s. a. w. boektina koeran djeung hadis. Lamoeu oerang rek ngalakonan hidji amal, saperti poesa, koedoe boga tekad, jen eta teh pareu tahan. Oepama geus tetela aja enasna dina koeran atawa dina hadis, ateh nja geus tjoekeup pikeun sababna teh. teu koedoe ditjoekeur deui, non sababna noe matak Allah miwarangan poesa. Allah teh kagoengan sifat kohar, asa malka ka noe teu noeroet. Saperti Oerang emboeng paeh, ari

TAN JOE AN TOEKANG GIGI

Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes

Para Djoeragan sareng saderek saderek pamaget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelen d

HOTEL SLAMET BANDOENG.

Kebondjatiweg 41 angkat ti Station kinten 3 menit. Tarif Klas I f 2.— doean f 3.— II f 1.50 — f 2.50 sonten viij thee, endjing endjing kenging kuffie soesoe. endog hajam sareng roti!

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (batkon), rawatan beresib, lampoe electrisch, tjai leidiug, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng E. Carno Eigenaar.

TOKO NIC MULLER

Goeoengladce 15 Telepon No. 26. TASIKMALAJA.

SAGALA LANDONG SAJAGI

Oepami moendoet prijakoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Verhandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atana pi ti roemah sakit.

Pohara perloe disajagikeun di dessa.

kabar djeung atoerana kenging di toko.

Pangaos compleet moeng f 12,50

Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa di-diango kana segala kasawat di djero sareng tiasa diauggo ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep rakoekau, samping badjoe s. n. k.

Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes.

Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonje, lisah seungit wedak wedakan, pondekna ka perloean toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela. Mangga tinggalan ka toko, di tampi sareng kawonjangan hate.

Noe ngantos NIC MULLER.

Wawatjan Lajang Sech Ab doe! Kodir Djelani tamat 100+ 50 manakib pangaos f 4 —

Kantoen saentik deui. Borkoena kandel ageung djilid karton dikembang kembang

Weweling ka noe aranom sareng sepeh f 0 30 karangan Baelianga Djoeragan Aria Mangoenredja, teu kedah diposedji deui.

Noe ngantos pesenan R. Tisnawidjaja. Penningmeester B. K. Djadjawaj Tasikmalaja.

Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.

Schoonmakerij en Kleermakerij

„Malah Mandar“ Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa sampi pesenan (kenging) ngademel roepi-roepi rakoekau anggoeun pamaget atanapi moerangkalih medela tiasa noemoekun sakoemaha kapala, sareng dinajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njalagan slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketos oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloeudros noe kazar sareng noe sas.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea O. Sasmita.

Kleermaker M. SOEARDI

Gang Bruijns & Thijssen No. 8. BANDOENG.

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeoret model barce dan enak dipakena. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjan dari Regent Paudeglang.

Djoega ada sedia roepa roepa kaen.

LELANG KAJOE.

Pada ddo. 14 September 1928 poekoel 9,15 paui di roemah bolla Galoenggoeng Tasikmalaja dari a. 4 percel kajoe djati jang masih berdiri blok Oeroeg I, II, III dan IV di pinggir djalan besar dari Tasikmalaja ke Soekaradja (di desa Oeroeg Oud-distr. Kawaloe Tasikmalaja. Taksiran semoea 19 M³ djati, 8 1/2 M³ kajoe taean, 96 elo kajoe bakar djati. Limiet f 748.—

b. 2 percel kajoe goenoeng blok I Beretjek I ada di Goe-noeng Papandajan dekat Tjioeroepan. Taksiran 17 M³ 2e. kl., 36 M³ 3e. kl., 105 elo kajoe bakar. Limiet f 607 —

2 Beretjek II dekat Beretjek I. Taksiran 1/2 M³ 1e. kl., 14 M³ 2e. kl., 27 M³ 3e. kl., 210 elo kajoe bakar. Limiet f 628.—

c. + 9 o. M³ kajoe djati ada di Bandar dan Bandjareari. Kavelingsoverzicht dan lain-lain kate-rangan minta sama Opperhout-vester di Garoet.

Administrateur Afdeelingsbank Tasikmalaja.

Djoeragan ALT-MANN sapoetra garwa mileuleujan-keun ka sadaja kanta-tja mitra, koe margi andjeunna angkat ka Europa sareng moegi-moegi tiasa pateping deui.

Toko OBAT G. M. SHEKH SAHIB

dari Hindoestan

Pasarweg No. 32 Tjibideung Gedde TASIKMALAJA.

Dalem tiga boelan gratis (tida oesah bajar) bisa bikin baik penjakit aambeien (bawasir, ambej) dalam 2 minggu tanggoeng baik.

Dengan bajaran bisa bikin semboeh penjakit apa sadja, seperti sakit kentjing, syphilis (radjasing), penjakit koelit, sakit asma (mengi), perempoean kotoran koerang baik dan segala roepa penjakit jang lain lain. Semoea djadi baik zonder operatie.

Toko Boekoe

TROMP DE HAAS

voorheen toko WEBER

DJALAN STATION No 12. TELF. No 13.

Sajagi roepi-roepi: Vulpen horder sareng parobot sakola sareng Kantor Ngitjal penmas pikeun vulpen.

Preanger Chemicalien Handel TASIKMALAJA

Telefoon No. 76.

Ajeuna noe gadoehna parantos gentos.

Salamina sajagi obat patent sareng roepi-roepi deui. Sajagi sigaret, soerotoe roepi-roepi noe raos.

Sajagi katja panon model ajeuna. aja noe lonjod. boender sareng noe nganggo peujoe, didameina tina nekel, double atana pi emas pangaos pantes, ditanggel sae, kenging ditugalian di Toko.

Noe parantos kenal kenging masihan bon sapertos noe parantos-parantos.

Noe ngantos-ngantos **VISSER** Ass. Apotheker en Opticien.

AL-FOER-QAN

Tafsir Qoer'an

Satue tafsir jang beloem pernah ada bandinganna di segala bahasa.

Diartikan tiap-tiap satue kalimah dari satue ajat setjara woordenboek, lantas diberi arti rangkasan, lantas diberi katera-ngan (noot), lantas diberi rangkasan boeat tiap-tiap ajat.

Satue ajat diterangkan empat kali.

Boleh dapat tjontoh pertjoema.

Tiap-tiap satue bagian harga f 1.—

Bisa dapat dari kantor „PERSATOEAN ISLAM“ Pengeran Soemedangweg Bandoeng.

